ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА
14 февраль 2020 г. Рузман БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА № 8-9 (10091-10092)

# Мы рады, что в горные районы все-таки идет высокотехнологическая помощь



Февральский зимний день стал свидетелем торжественного открытия МРТ кабинета в Ботлихской районной больнице.

Новый МРТ (мультиспиральной компьютерной томографии)) -аппарат полностью обеспечит потребность в этом виде исследования жителей Ботлихского и соседних районов и значительно сократит ожидания диагностики как плановых, так и экстренных пациентов.

На открытии присутствовали главврач ЦРБ Магомедкамиль Шахрудинов, Министр здравоохранения Республики Дагестан Джамалудин Гаджиибрагимов, Глава МР «Ботлихский район» Магомед Патхулаев, руководство и работники районной больницы, а также их коллеги из соседних районов.

Приветствуя собравшихся Магомедкамиль Шахрудинов выразил благодарность главе государства В.В. Путину, Главе РД В.А. Васильеву и главе района М. Патхулаеву.

Говоря о сегодняшнем событии, хочу отметить, что во время встречи делегации Ботлихского и Цумадинского районов Президентом России В. В. Путиным и главой РД В.А. Васильевым в Махачкале была озвучена идея о необходимости для горных районов мультиспиральной компьютерной томографии так, как наше население очень нуждается в высокотехнологичной помощи. И вот сегодня это событие состоялось. Наша просьба была исполнена.

Огромная работа была сделана с министерством здравоохранения с Джамалудином Алиевичем в течении года по установке этого аппарата. Надеюсь, это послужит опорой для укрепления здоровья населения района. Полагаю, что этого ждали многие годы, так, как высокогорные районы далеко от центра, очень тяжело людям ехать на обследования. Самое главное это то, что обследование на данном аппарате будет бесплатно, а эта большая радость для нашего населения. Еще раз хочу выразить огромную благодарность государству, руководству за такой подарок, который послужит укреплению здоровья. Мы рады, что все-таки в горные районы идет высокотехнологичная помощь.

Также значимость приобретения томографа отметил Джамалудин Гаджиибрагимов:

Уважаемые коллеги, дорогие жители Ботлихского района, соседних районов принадлежащих к Ботлихскому району.

Да, действительно, событие значимое. Какая работа проводилась, уже было сказано, но не буду на этом останавливаться, проделанная работа всего лишь одна треть. Действительно внедряя или же приближая такую помощь в горные районы, мы сделали так, что при получении компьютерной томографии у населения не возникало вопросов, где проведено компьютерное исследование. Если у коллег, которые проводят здесь данный вид исследования, возникают какие-то вопросы или сомнения, то на сегодняшний день технология позволяет нам посоветоваться и вынести объективные точные заключения в режиме онлайн с нашими коллегами республиканского уровня. Данный аппарат должен быть задействован в полном объеме, что бы, не говорили о том, что установили аппарат, и нам самим же пришлось, подумать о том, что установленный аппарат не востребован. Он востребован, есть огромное количество людей, которые выезжают за пределы района тратят свои деньги в республиканских медицинских организациях и становятся в очередях. Данная работа будет продолжаться, будут оснащаться нами горные и предгорные районы и, соответственно, от нас требуется единственное, чтобы наш кадровый состав был на высшем уровне. А то, что данный вид помощи будут получать по линии ФМС, руководитель медицинской организации уже сказал. С этим знаменательным событием хочу еще раз поздравить коллектив и жителей района. Хочу пожелать, чтоб вам меньше требовалась медицинская помощь и, вообще, чтоб все были живы и здоровы. Всего самого доброго.

(Продолж. на 2-ой стр.)

# Мы рады, что в горные районы все-таки идет высокотехнологическая помощь

(Начало на 1-ой стр.)

Далее выступил глава района Магомед Патхулаев:

-Ас-саламу алайкум. Добрый день уважаемые друзья, коллеги. На самом деле это большое событие для жителей не только Ботлихского района, но и Цумадинского,

Ахвахского, Гумбетовского. Да и может быть для наших соседей Чеченской Республики. Много чего делается и будут делать районы по выполнению поручений Главы нашего государства В.В. Путина. Буквально на днях будет задействован мусоросортировочный завод. Говоря о сегодняшнем событии, я хочу сказать большое спасибо и поблагодарить главу нашего государства В.В. Путина, главу нашей Республики Васильева Владимира Абдулаиевича, Министра здравоохранения РД Джамалудина Алиевича за такой тематический труд. Я, почему это говорю тетанический. Я знаю, столько сто-ило нервов, чтобы этот томограф был здесь установлен. Почему?! Потому, что по закону он не положен, быть здесь. Чтобы установить этот томограф население должно быть не менее 300-500 тысяч человек, такого населения у нас нет. Это было жесткое поручение В. Владимировича как подарок для Ботлихцев связанное событиями 1999 года. Поэтому я хочу особо поблагодарить Джамалудин Алиевич Вас и ваших сотрудников. Спасибо!

Вы здесь сказали высокотехнологичные оборудования это одно дело, а если за ней, не будут, стоят профессионалы, профессиональные врачи этот аппарат ничего не значит. Я с вами согласен. Должны быть профессионально подготовленные врачи и ни один, два и три человека. Человек может заболеть, уехать, а аппарат должен круглосуточно работать. Тем более вы знаете сегодня у простого жителя, уходят большие деньги на обследования. Но сидя дома, пройти это обследование это очень хорошо. Спасибо всем на самом деле пусть меньше болеют, пусть будет меньше необходимости в аппаратах, какой бы оно не было. Пусть люди растут живыми здоровыми. Всех благ, удачи, успехов. Так же хочу сказать спасибо, в том числе и строителям которые здесь работали.

От имени медицинского персонала благодарность выразил Зубаир Магомаев:

Мы рады приветствовать на нашей земле всех гостей, мы рады приветствовать всех, кто здесь находится и рады приветствовать строителей и все руководство, которое позволило нашим людям то благородное дело, ради которого мы здесь собрались. Это большое дело. Мы не будем об этом говорить, мы не будем говорить, что здоровье главное, мы будем говорить о том, что государство потихоньку начинает беспокоиться о нас - о простых людях, о медицинских работниках, о том, что оно худо-бедно повышает нам заработную плату, о том, что мы все-таки чувствуем, что мы люди. И об этом говорит то, что здесь наши прекрасные девочки стоят, ждут, хоть они и замерзли. Мы долго не будем говорить, смотрю, жалко их, чуть не снял и не надел на них свою куртку. У меня слов нет. От всей души рад, благодарен всем нам, нашему государству, медикам, всем нам здоровья и счастья.

Вот на такой прекрасной ноте поступили к открытию МРТ кабинета.

Вспомнилась песня Ларисы Долиной «Главней всего погода в доме, а все другое суета». Так пусть в каждом доме будет ясная погода без дождя слез, без бури болезни, без тучи отчаяния, а если все-таки суета, то районная больница обещает нам услуги на высшем уровне.

**З. Магомедова.**

*ГЪУТАБАЗДАСАН ХАРБАЛ*

# *КОМБАЙИН ХУРИСА, КУТАН ХУРИБЕ*



Араб гІасруялъул Совет хІукуматалъул заманалда рукІунаан гьадаб тІадехун рехсараб цІаралда гъоркь гъутабаздаса макъалаби ва цІиял харбал. Рахъулаан цойгиги, чІахІияб гІелалда ракІалда батила, кодоб кьугІрул ккун гІухьбузул суртал ва ведро рахьдалги бечIчIун мачIикьго фермаялдаса къватІие ячІуней ечІчІарухъаналъ (доярка) чан литра щибаб гІакдадасан бечIчIарабилан хъварал баянalги. Бецараб харил рарал бежа гъал, бакІарараб хІалухъиналъул хІасилал, хІатта хасалоялде хІадурарал силосазул къадар бихьизабураб сияхІги. Санал ана, суратал хутІана, сияхІал тІагІана, тІасан квер босун бокьухъе рукІаян гьелги тана. РукІарал колхозалги рихьизарун СПКял гІуцІцІана. ГІадамал цин гІарзахъдана, гІададисеб жойилан хІасил кколеб гьечІолъи бихьун, квер хьвагІун гІодобе халкъги буссана. Бажари бугез хІаракат бахъана борхизабизе магІишат, гІайибалгун гІунгутІаби цІехезе лъугьана, гьунар гьечІелги, гьабулезде жахІда бугелги. Абуларищха, гъалатІ гьечІев чи вукІунила, щибго гьабичІого, бохалда бохги бахинабун гІодов кІусун чІарав чийилан. Иш гьабизе бокьарас ресги, сурсатги, сабабги батула, бокьичІес багьанаби цІехола. Бабаюрт районалъул ракьазда руго нилъер Болъихъ районалъулги гІемерал гъутаби, тІаде щолеб ихги бугелъул ва Республикаялдаго ахІи бахъун букІиндал Рутул районалъул «Красный Октябрь» СПКялъул 27 чІегІерхІайван циндаго хванилан, гьенибе сапар бухьана районалъул бетІер МухІамад ПатхІулаевасги районалъул росдал магІишаталъул управлениялъул начальник Абакар Альбеговас ва ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев Байгерей ТІалхІатовасги.

БачІинахъего абила, нилъер районалъул магІишаталъе хІинкъи бугеб ахІвал-хІал гьениб батичІо. БоцІи хвеялъе живго хважаин гІайибияв вукІин чІезабураб хІужаби тІатанилан баян кьуна Байгерей Гереевичасги. Жиндир заманалда дару-сабаб гьабун букІарабани бетІергьанчияс гьелде ишги кколароанилан. Нилъерго районалъул гІи-боцІул бугеб ахІвал-хІалалъул рехсолаго гьес абуна, гІодоре риччай, щибго хІинкъизе ккараб хІал гьечІо, жиндир заманалда гІиги чурула, боцІуе кьолеб кІалцІи, рагІихералда хадуб ххалги ккун бугилан ва дарабаздалъунги хьезарун ругилан.

Бабаюрталде щун рещтІен гьабуна, райцентр бакьулъ бугеб, нилъералго унел, рачІунел рещтІунел, росдал магІишаталъул хІалтІухъабазул хІасилал данде росизеги хас гьабун босараб минаялъуб, цебе гьелда петерилан абулаан, жакъа офис батилаха. Ресго кьотІанани сапаралъ ккун гьенир рачІани нилъги къватІире кьотІуларилан божизаруна гьенир ругел хьулухъчагІаз. ТІадеги жубан тела, хеккого гьеиб ремонтги гьабун, нилъерго гъумер нечолареб хІалалда гьеб минаги къачІазе бугилан бицана.

Данделъи рагъулаго УСХялъул нухмалъулев Абакар Альбеговас рагІи кьуна районалъул бетІер МухІамад Малачевичасе, хІалбихьи бугев политик хІисабалдаги, бажари бугев нухмалъулев гІадинги, жиндирго кІалъай буссинабуна цин политинформациялде, рикІкІадасанго байбихьана къватІисел пачалихъазда бугеб ахІвал-хІалаздасан, нилъее хІинкъаби кьолел рехсана, санкциябазул бицана, цингиги вуссана Республикаялда кколел цІилъабазде ва районалъул квекІеназдегун ва квегІенлъабаздеги. Киналго гьенире ракІараралги, кІалъазе рахъаралги гьасулгун хассаб гьоркьоблъиялда гьудул-гьалмагъзаби гІадин рукІана ва щивасухъги гІенеккана гІадлугун гІадилльиялда суалазе жавабал кьуна, жив-живасул суалал кагътиде росана бадибчІваялги камичІо ва рещаразда гьоркьор рехсана АнсалтІа, Хелекьури, ТІасутІа, ГІалахъ, ГІанди ва ГъагъалЪ, Гъодобери СПКаялъул нухмалъулезулги цІарал. Хадувги кІалъазе вахъарав ветуправлениялъул начальникас баян кьуна «Меркурий» абураб системаялда гъорлъе лъугьине тІадаблъун гьабулеб бугилан, гьелъ рес кьезе бугилан нужее нужерго боголъи бича-хисизеги, сапаралъ унаго нухда квекІен гьечІого, гьан, нах, рахь, тІорахь бокьаралъубе босизеги ва бичизегиян. Баянго гьелъул лъазе бокьани интернеталдеги ракке, ва жиндихъеги кьучІаб баян щвезе ветуправлениялдеги рачІине бегьула. МухІамад ПатхІулаевасги тІаде жубана, дагьал церегІан къояз Чачаназул ракьалдасан унеб нилъер гІи гьез биччаларилан чІезабидал кІудияб ахІи-хІур бахъинабунила нилъер гІадамаз, ай абуни гІибоцІул бетІергьабаз правительствоялдагицин рагІараб хІалалда. Гьеле гьедин ккечІого букІине кканани рукІине ккола кьучІал, хІужаби документал щивав вехьасухъ яги бетІергьанчиясухъ кодор. Киналъулго хІасилалги данде росун хІисаб кьей букІана Абакар Альбеговасул, биценалдаса бихьун лъазе лъикІилан гьесул росдал магІишаталъул бугеб ахІвал-хІалалъул баянал рахъулел руго гъоркьехун.

Ахиралда дирго ихтияргги хІалтІизабун дицаги гьарана районалъул «Гъудуллъи» казияг хъвайилан. Хварал-гІуралги рагІила, баркиялги рахъила, билараб-тарабги тІатина, тІокІаб жо гьечІонани нужер бича-хисиялъул хассаб рекламаги кьелилан лъазабуна гьезда. Гьарун гуронани гьеб хІаллица хъвазабизе нижер ихтияр гьечІелъулха. Казиятги цІализе бокьулеб, цІализе балагьулеблъун гьабизе нижедаги тІадаб буго, тІаде харияпдегІаги, гІакълуги нижер камиллъилеб батила, камураб-тараб, сурсат-алатги балагьила. Гьаб тІаде щолеб мартал-да нигат буго гъутабазде сапар бухьине, сураталги рахъила, сияхІалги гьарила, рещила, какила, камурабтараб хъвала.

Гьабулеб данде билъаги, рекІел мурадал тІурайги.



**Состояние развития сельского хозяйства по всем категориям хозяйств Ботлихского района за 2019 г.**

| Наименование продукции | Ед. изм. | Кол-во | Средние цены за тонну, тыс. | Сумма тыс. руб. |
|---|---|---|---|---|
| ***Продукция растениеводства*** | | | | |
| зерновые | тонн. | 4370 | 11 | 48070 |
| рис | тонн. | 2560 | 16 | 40960 |
| картофель | тонн. | 1405 | 18,14 | 25487 |
| овощи | тонн. | 600 | 20,53 | 12198 |
| Овощи закрытого грунта | тонн. | 300 | 125 | 37500 |
| бахчевые | тонн. | 12429 | 10 | 124200 |
| плоды | тонн. | 8100 | 50 | 405000 |
| виноград | тонн. | 150 | 28 | 4200 |
| солома | тонн. | 3100 | 2 | 6200 |
| сено | тонн. | 27995 | 5 | 13997 |
| Прочая продукция растениеводства | | | | 32500 |
| **Итого продукция растениеводства** | | | | 750312 |
| ***Продукция животноводства*** | | | | |
| **Мясо всего:** | тонн | 13175 | | 2229750 |
| Мясо скота в живом весе, из них баранина 6558 тонн | тонн. | 12975 | 170 | 2205750 |
| Мясо птицы в живом весе | тонн. | 200 | 120 | 24000 |
| Молоко | тонн. | 26915 | 24 | 645960 |
| Яйца | тыс.шт. | 1660 | 4,75 | 7885 |
| Шерсть | тонн. | 720 | 77,083 | 55499 |
| Мёд | тонн. | 28 | 515 | 14420 |
| Прочая продукция животноводства | | | | 26300 |
| **Итого продукции животноводства** | | | | 2979814 |
| **Всего:** | | | | 3730126 |

**Производство продукции сельского хозяйства Ботлихского района в натуральном выражении за 2019 год.**

| Продукция растениеводства | Ед. изм. | Общее количество | СПК | КФХ | ЛПХ |
|---|---|---|---|---|---|
| Зерновые | тонн. | 4375 | 4095 | | 280 |
| В т. ч. рис | тонн. | 2560 | 2560 | | |
| картофель | тонн. | 1405 | | 200 | 1205 |
| овощи | тонн. | 600 | | | 600 |
| Овощи закрытого грунта | тонн. | 300 | | 100 | 200 |
| бахчевые | тонн. | 12420 | | | 12420 |
| плоды | тонн. | 8100 | 300 | 390 | 7410 |
| виноград | тонн. | 150 | 150 | | |
| солома | тонн. | 3100 | 3000 | | 100 |
| сено | тонн. | 27995 | 17585 | 1180 | 9230 |
| Продукция животноводства: | | | | | |
| Мясо скота и птицы в живом весе | тонн. | 13175 | 3188 | 4553 | 5434 |
| Молоко | тонн. | 26 915 | 14884 | 9670 | 1761 |
| Яйцо | тыс.штук. | 1660 | - | - | 1660 |
| Шерсть | тонн. | 720 | 82 | 478 | 96 |
| Мед | тонн. | 28 | 3 | - | 25 |
| | | | | | |

Прогноз

Посева сельскохозяйственных культур Ботлихского района на 2020 год

Посевная площадь под урожай 2020 год:
-озимые зерновые 1521га;
-яровые зерновые 1910 га.
многолетние травы 2018 га.
-однолетние травы 1261га.
-картофель 120 га.
-овощи 50 га.
-бахчевые 100 га.
кукуруза на зерно -100 га, рис - 370 га.
сады -1380 га.

Численность поголовья КРС в хозяйствах всех категорий на 1января 2020года 36198 голов, в том числе коров 15971голов;
Из них: - СПК общее поголовье 4894, в том числе коров 2619 голов;
-КФХ общее поголовье 6842, в том числе коров 3716голов;
-ЛПХ общее поголовье 24462 , в том числе коров 9836 голов.

Численность поголовья МРС 295843 голов, в том числе овцематок 201917 голов.
Из них: - СПК общее поголовье МРС 69297 в том числе овцематки 41867 голов;
- КФХ общее поголовье МРС 179725, в том числе овцематки 132508 голов;
- ЛПХ общее поголовье МРС 46821, в том числе овцематки 26822 голов;
Лошади 1247 голов;
поголовье птиц 42тыс. голов, в том числе 13тыс. куры-несушки.
-средний удой от одной коровы за год 1698кг.;
-выход приплода на 100 коров 88 голов;
-выход приплода на 100 овцематок 91 голов;
-среднегодовая яйценоскость кур 165 штук в год;

В районе идёт планомерная работа по развитию сельского хозяйства. Все показатели по сельскому хозяйству из года в год стабильно растут и это подтверждает выше указанные показатели.

**Начальник УСХ** **Альбегов А. С.**

*БАДИСА БАДИБЕ*

# КИН БУГЕБ МУН,

**Районалда кколел хиса-басиязул, гIей гьечIел рахъазул ва щварал бергьенлъабазулги баян жиндир заманалда халкъалда цебе лъолеб ва гьелъул мухIканлъи баян гьабулеб бухьенлъун буго, БакIалъулаб телевидениялдаса щибаб талат къоялъ кьолеб МухIамадрасул ГъазимухIамадовасул «Бадиса бадибе» абураб передача.**

**Гьелъул заманалда журналистас хIаракат бахъула тIаса бищараб тема гъваридго рагьизе ва гIадамазул суалазе жавабал ратизе.**

Нижерги аслияб масъалалъун рикIкIуна унтарав чиясе кумек гьаби, жиндир заманалда цIехрех гьабун, унтиялдаса гьел цIуни.

*Суал:*-**Гьеб лъикI буго. Амма, гIадамазда гьоркьоб биценал руго тохтурзабаз жидее бокьухъе унтарасул ургъиса жал къотIулел ругин ва гьел жидеего пайдаялъе хIалтIизе гьарулел ругин абун. Бокьилаан гьелда тIасан баян щвезе.**



**Масала, араб анкьалъ МухIамадрасул ГъазимухIамадовас гьоболлъухъ ахIун вукIана Дагъистаналъул мустахIикъав врач, Болъихъ централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамадкамиль Шагьрудинов.**

*Суал:*-**Ас-саламу гIалайкум, МухIамадкамиль! «Бищунго лъикIав хирург» абураб ХIурматияб цIаралъе мустахIикълъарав ва Болъихъ райбольницаялъул бетIерав тохтур хIисабалда бокьун буго гара-чIвари «Кин бугеб больница? – абураб суалалдасан байбихьизе.**

*Жаваб:*-Больница буго сахго, жиндир заманалда тIуралел руго цере лъурал масъалаби. Гьаб ахираб заманалдайин абуни Россиялъул Президент В.В. Путиница кIудияб кIвар кьолеб буго медицинаялда сверухъ иш роцIцIинабиялде.

*Жаваб.* -Кутакалда сурукъаб, рагIизецин нечараб хабар буго гьеб. Бищунго аслияб, гьеб буго гьереси. 2011 соналъ бахъараб № 323 законалъул 47-аб. статьялда рекъон, гьединаб ихтияр гьечIо врачасда кодоб, гьеб ккола гьукъараб иш, Россиялъул законазда рекъонги, Аллагьасул шаргIалда рекъонги.

«Трансплантация», ай, унтарав чиясда цогидасул лугбал лъезе ккани, руго гьелъие рихьизарурал нухал: ай, чIагояв чияс ихтияр кьун, гъулбасараб документ. ГьелъиегицинхIажалъула донорасул (жиндир лага къотIизе ихтияр кьурав чиясул) сахлъиялъе зарал, яги сакъатлъи гьабунгутIи. Хьул къотIарав чиясул лагагIучIалдаса пайда босизе ккани, гьес чIаго вукIадго васигат хъвазе ккола, жив хун хадуб, жиндир лага къотIизе ихтияр кьолеб бугин абун. ЧIагояв чиясул, яги балугълъуде бахинчIеб лъимадул, хIатта гьеб лъимералъ ихтияр кьолеб бугониги, лугбузул трансплантация гьабуларо.

*Суал:*- **Цебе, халкъалда гьоркьоб лъазеги гьабун, «Донорасул къоял» абун, гIемерал гIадамаз жидерго би кьолеб гIадат букIана. Гьаб ахираб заманалда рагIулеб гьечIо гьединаб ахIи. Гьеб гIадат тIубанго тIагIунищ бугеб, яги тохтурзаби гьелде ккунищ гьечIел?**

*Жаваб:*-Жакъа къоялдаги гьеб гIадаталдаса медицина рикIкIалъун гьечIо. Амма нилъер районалъул больницаялда рес гьечIо бахъараб би цIунизе, нилъее хIажатаб мехалда би чIобого бачIуна Буйнакскиялдаса. Би бахъизеги гьенисан чагIи рачIуна ва гьез цудунго лъазабула жидерго график. Гьеб рахъалъан милициялъул хIалтIухъабаз, кьучIалда рачIун, биги кьола. Тохтур хIисабалда дица нугIлъи гьабула гьоркьогьоркьоб би кьей инсанасул черхалъе кутакалда пайдаяб иш букIиналъе.

*Суал:*- **РукIуна цо-цо гIадамал жал щцидалал лъугьанин чияр би чорхолъе биччаралдаса хадуб, - ан жидерго чиги кьун жив хвасар гьабурал чагIазде гьвел балел. Цоги, чияр би чорхолъе биччанин абун, унтарасул бидул группа хисизе рес бугищ?**

*Жаваб:*-Дидаги абуна цояс жиндир цебе лъабабилеб группа букIанин, би хисаралдаса хадуб кIиабилеб лъугьанилан.. Гьеб буго, кисан гьезухъе щун батаниги, мекъаб информация. Чидар би чорхолъ биччан гIадан хисуларо, генетика ккола цIакъ мухIканаб гIелму.

*Суал:*-**Кин бугеб жакъа урологиялъул суал? Чанго соналъ цебе, ракIалда буго, нилъехъе рачIун рукIана специалистал, кутакалда бицунеб букIана гьелъул хIакъалъулъ. СихIкьотIи бугин ккола долдаса хадуб.**

*Жаваб.*- ЛъикIаб хабаралдаса лъикIал хинкIалго лъикIин абун буго умумуз. Гьединлъидал щибаб ишалъулъ хIасил букIине ккола. Гьеб суалги цIакъго кIвар бугеб суал буго. КватIичIого бачIине буго лъикIал специалистаздаса гIуцIцIараб бригада. Гьабизе буго росабалъегицин ун анкетирование 40-60 соналъул ригьалде рахарал бихьиназда гьоркьоб. Лъие кумек хIажат бугеб, лъие обследование гIолеб абун мухIканаб хал-шал гьабизе буго. РакIалде щвезабилин: цудунго унти тIатани, черх тIубанго сах гьабизе кIола.

*Суал:*-**Гьаб ахираб заманалда гIемер бицунеб буго Китаялда баккараб Коранавирусалъул. Щиб дуца абилеб гьеб унтул хIакъалъулъ?**

*Жаваб:* - Нижгоги руго гьелда хадуб хал ккун. Вирус - гьеб клетка гуро. Клеткаялда гьелъ бусен лъола ва байбихьула жанисан зарал гьабизе. Хадуб унти Грипп хIисабалда загьирлъула, хадуб пневманиялде (гъъурул унти) сверула ва унтарав гIумруялдаса ватIалъиялдеги вачуна.

ГIалимзабиги врачалги тIаделъун, гьеб унтуе дару ургъулел руго. Гьеб хIалтIи къокъаб заманалъул иш кколаро.

*Суал:*-**Жакъа къоялъулги, гIадамал гIемерлъиялъулги, район кIодолъиялъулги, кьватIисан рачIаразул къадар цIикIкIиналъулги хIисаб гьабуни, поликлиника гьитIинаблъун бихьулеб буго дида. Гьелде тIадеги, призывникалги гьенирго рихьула. Цебе, врачазул бригадаги гIуцIцIун, военкоматалдаго тIубалаан гьезул иш. Гьанжейин абуни тIолабго хIалуцин поликлиникаялде бегун буго. Гьеб киналъулго хIисабалда кIудияб квалквал буго гIадамазе. Щолеб гьечIо ирга, тIубачIого мурадгун тIад руссине кколел руго. Хасго маршруткабиги хъвадуларел росабалъан рачIарал гIадамазе захIмалъи буго. ЛъикI букIинарищ больницаялда аскIоб цойги поликлиника базе?**

# БОЛЬНИЦА?

БАДИСА БАДИБЕ

***Жаваб:***-Дун гьелда тIуванго рази вуго. Жеги I0 соналъ цебе дица борхараб суалги букIана гьеб. Жакъа къоялда хIалтIулеб поликлиника ккола къоялъе I50 чи къабул гьавизе бихьизабураб. Дуца абухъего, лъикIал шартIазул цIияб поликлиникаялде хIажалъи буго. Гьелъул кIудияб пайдаги букIинаан халкъалъе…

Призывниказул суал борхани, добго къагIидаялда врачаздаса гIуцIцIараб къокъа уна военкоматалде, амма флюорография, томография ва, гьединго, цогидалги мухIканал цIех-рехал поликлиникаялда гьаричIого гIоларо.

*Суал:-***Жиндир заманалда хIалтIуда врач ватизеги, гьесдаса кумек щвезеги бокьула унтаразе. Амма рикIкIада рукъзал ругел медиказе заманалда хIалтIулеб бакIалде щвей, хасго хасалил гIужалда, захIматаб ишлъун лъугьун буго. ЛъикI букIинарищ больницаялда вахтаялъулаб автобус чIезабизе?** Унтарал гIадамазул мурадалда кьолеб суал буго дир гьаб.

***Жаваб:***-Кутакалда битIараб суал. Унтуца кIвекIараб черхалъул рахIат бахъараб гIечIого, тIаде балагьунги чIезе ккани, гьеб чIамучIаб иш буго. Гьединлъидал жиндир заманалда специалистал хIалтIуда рукIинариги нижеца рукIалида чIезабула ва гьелъие нухалги ралагьулел руго.

*Суал:-***ГIадамаз, ай унтараз, кутакалда беццулеб буго Кьохъ больница. Дудаго кин ракIалда ккoлеб, кинаб бугеб гьелъие гIилла?**

***Жаваб:***-Больницаялдеги, нухмалъулездаги абизе щибго рагIи гьечIо. Кутакалда лъикI буго иш. Гьеб больницаги букIана Кьохъа КIудиясул цIаралда бараб. Гьесул баракат батилин гьелда тIад абун ракIалда ккола дида.

Араб соналъул август моцIалда гьеб централияб больницагун данде кьабуна. Ва гьелдаса нахъе кинабго хIалтIи, цебе букIараб къагIида хисизабичIого, цадахъ бачунеб буго.

***Суал:-Бокьилаан лъазе, кин бугеб иш ГIанди больницаялъул?***

***Жаваб:***-Квеш гьечIин абилаан дицаго, амма, бугониги, тIуразе кколел масъалабиги руго. ХIалтIухъаби, ай, специалистал чIезариялъул иш букIуна оборудованиялда бухьараб.

*Суал:-***Специалистазул суал борхани, бугищ гьезде ккараб хIал районалъул больницаялда?**

***Жаваб:***-Буго. Кутакалда хIажат руго ЛОР, Эндокринолог, Окулист. ХIалтIи лъалел ва махщел камилал гьал махщелазул специалистал рачIине бегьула нижехъе.

*Суал:-***ГIемер дандчIвала шагьаразда врачаз даруялъул рецептги хъван, хассаб аптекаялде ритIиялъул хIужаби. Гьеб нилъ киназего балъголъиги гуро. Щай гьеб гьедин бугеб? Нилъехъ дандчIвазе рес бугищ гьединаб иш?**

***Жаваб:***-Гьединал хIужабиги тIуранго гьечIин абуни дун мекъи вукIина. БукIуна гьединаб иш: дараби больницабазде рикьула торг лъазабун: «Бергьарасе щвана, хутIарав кватIун ккана» - абураб хIисабалда. Жакъа больница чара гьечIого хIажатал дарабаздалъун хьезабун буго.

*Суал:-***Кванил нигIматазул рахъ кин бугеб больницаялда?**

***Жаваб.***-Гьаб дунялалъул щибаб ишалъулъ система (къагIида) хисун буго. Кинабго жо сверун буго дармиде (торг). Гьебго къагIидаялъ рачIуна кванил нигIматалги. Мисалалъе босани чед, гьебги нилъехъе бехесан битIун бачIунеб буго. Дида лъаларо кинаб хайир гьезие бугебали, нилъехъеги гьеб чед тIагIамалъул хасият хисун гурони кин щвелеб? Амма системаялдаса рорчIизе бакI нилъер гьечIо.

*Суал:-***Бугищ, МухIамадкамиль, нилъер халкъ боххизе ккараб иш больницаялъул гIумрудулъ?**

***Жаваб.***-Кутакалда. Гьебги ккола 500-600 азарго чияс гIумру гьабун вугеб бакIалде гурони жиб кколареб Томограф нилъер районалъе щвей (компьютерная томография). Мисалалъе, авариялде ккарав чиясул гьелда цIех-рех гьабуни, мухIканлъул чорхоеги лугбузеги ккараб зарал, операции я гьабизе ккейккунгутIи ва гь.ц. Руго, гьединго, гIемерал цогидал рахъалги гьелъул лъикIлъиялъул.

*Суал:-***Гьеб лъикI буго. БачIунеб буго суал, гьелда хIалтIизе ярагьунел, лъикIал специалистал ругищ больницаялда?**

***Жаваб:***-РукIина. ТIаса рищарал специалистал гьабсагIаталда Москваялда махщел камил гьабиялъул курсазда цIалулел руго.

*Суал:-***Кидаха томограф хIалтIизе биччазе ккoлеб ва бокьарав чийищ гьениве вачIине бегьулев?**

***Жаваб:***-Гьеб рекъезабиялда тIад хIалтIулел руго сордо-къоялъухъ балагьичIого. ХIалтIизе биччазеги буго гIагарал къояз, амма томографалда лъола гIицIго тохтурасул направлениялда рекъон.

*Суал:-***Мун вуго «Лучший хирург» абун цIар щварав тохтур. Бокьилаан лъазе: гьаб больницаялъул гIаммал ишаз квал-квал гьабуларищ дур хирургасул ишазе ва операциязда гIахьаллъи гьабизе?**

***Жаваб:***-БитIараб бицани, къанагIат гурони операциябазде регIулев гьечIо. Больницаялъул гIаммал ишаз гIемераб заман бахъула.

*Суал:* **-БичIчIана. БетIерав врачас гIемераб пайдаяб жо бицана. Тохтур хIисабалда щиб бокьилеб дуе гIадамазде абизе?**

***Жаваб:***- Нилер щивасул черх буго нилъеда божизабун тараб жо. Унтиги жив-жив чияс жинцаго баччула. Гьединлъидал щивав чиясда тIадаб буго жиндирго сахлъиялъул тIалаб-агъаз гьабизе.

ХIисаб гьабураб мехалъ ункъго унти буго жинде кIудияб кIвар кьезеги, инсанас чара гьечIого цIех-рех гьабизе кколебги

**Гьел ккола:**

1. **Туберкулез**. 11 чи ватана нилъер районалда жидер гьурул унтуца жанисан кваналел ругел, запущенный абула гьелда. ЦIех-рехалъе рачIине нечезехъин руго гIадамал. «Вай, дида гьеб батани мадугьалас щиб абула, дов кин дихъ балагьула» - ан пикру букIуна цоязул. Гьеб гуро нужеца ургъел гьабизе кколеб жо, ургъел гьабе нужерго унтул. Росабалъе бачIине буго флюорографиялъул машина. Гьарула: рачIа хал-шал гьабизе. Унтудаса нечезе бегьуларо, унти сах гьабизе ккола.

2. **Глаукома** – Внутриглазное давление абула гьелда. Гьелъ чи вачуна беццлъиялде, тIубанго бер бахъиялде ккола иш. Жакъа къоялда, жиндир заманалда тIатани, лазералдалъун операция гьабичIого тIубала иш.

3. **Прививкаби** гьаре лъималазе, цIуне лъимал. Гьелдасан гьел махIрум гьарунани свинка унти баккиялъул хIинкъи буго. Гьелъ лъимал гIедал рачуна лъимал ккунгутIиялде (бесплодие). Гьединго раккула цогидал унтабиги. Цо-цо эбел-эмен данде чIолел руго прививкабазде. Дида лъаларо ТIолгодунялалъул Сахлъи цIуниялъ организациялъ бихьизабураб прививкаялде данде чIезе щиб гьезда батарабали. Узухъда, интернеталда рукIуна гьелъул зaралалъул бицунелмакъалаби ва видео, амма дидаго ракIалде ккола гьеб, гIурусаца абухъего, подставочный жо бугин.

БитIараб буго, прививкабаздаса ходуб цо-цо лъимералъул температура борхи гIадаб реакция букIуна. Гьединаб иш ккани, гьаризе кколеб-толеб бицуна врачас.

4.**Рак**. Гьаб ахираб заманалда цIакъго тIибитIун буго ва гIолохъанлъулеб буго гьеб унти. Амма щивав чиясда лъазе ккола гьадинаб баян: букIунаро ва гьечIо, гIужда тIатиндал, къезабизе кIолареб унти. РачIа, халшал гьабе, кколеб дару гьабизе нижги хIадурал руго.

*Суал:-* **РачIинаан, гьабилаан, амма Больницаялде, цо унтул бицун, арав чи гьениса бигьаго къватIиве вачIунарилан бицуна гIадамаз…**

***Жаваб.***-Дун вуго врач, дунгоги ккогеги гьединазухъе. Амма, унтун рокъовги хутIун гурев, сах-саламатго къоялги тIамун вукIине бокьила. Жакъа кIикъойилъа тIаде вахарав щивав инсан, кигIан нилъее бокьичIониги, унтарал руго. Гьединлъидал гьарула: Гьабе нужерго сахлъиялъул ургъел!

*Суал:-***Щивас жинди-жиндир унтиялъул бициян абулеб бугелъул, дицаги дирго «гIузроялъул» бицина. Хъван бугищ больницаялъул хIалтIухъабаз «Гьудуллъи» газета ва, батичIони, щиб гьелъие бугеб гIилла?**

***Жаваб:***-Унеб буго подписка ва хъвазеги буго. «Гьудуллъи» газета ккола районалъул гIумру загьир гьабулеб, ккараб лъугьа-бахьин гIадамазда лъазабулеб чара гьечIого хIажатаб Чапар.

*Суал:-* Баркала гарачIвариялъухъ. Нуж руго гIадамазул сахлъи цIуниялъе сабабалъе риччарал чагIи. Аллагьас нужее кумек гьабеги гьеб иш кидаго ракIбацIцIадго тIубазе. Районалъул гIумрудул матIу бихьизабизе нижецаги газеталъги хIаракат бахъила, газета цIализе халкъалъеги тавпикъ кьеги...

**ГI. МухIамадова.**

АФГЪАНИСТАНАЛДАСА СОВЕТИЯЛ АСКАРАЛ НАХЪЕ РАЧУН 31 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# БИЧЧАНТЕ РАГЪУЛ КЬОГIЛЪИ ДУМАЛЪГО РИКIКIАДА ХУТIИЗЕ



ТIолабго улкаялдаго гIадин, нилъер районалдаги кIодо гьабуна Афгъанистаналдаса советияб аскар нахъе бачараб къо. ТIобитIана гьеб районалъул администрациялъул минаялда цебе. ЦIорораб февраль моцI бугониги хинлъизарун рукIана афгъанцазул ракIал рагъулал гъудулзабигун дандчIвазе щвеялъ. Тадбир байбихьилалде цебе гьел ракIалдещвеязул заниялда цере эхетана, ракIалде щвезаруна жалгун цадахъ рагъда рукIарал гIолохъаби, сородулел квераз магIу бацIцIана. Тадбир рагьана культураялъул хIалтIухъан Сабрина Сайпулаеваялъ.

-Жакъа нилъ киназего г1ахьалаб буго гьаб рохел.Баркала загьир гьабун к1алъазе бокьилаан нижее. РагIи кьолеб буго ГIабдулдибир ГIабдулдибировасе.

-Жакъа нилъ киналго гьанире ракIарун руго ВатIаналъул тарихалда аслияб бакI ккураб лъугьа-бахьин ракIалде щвезабизе. 2010 соналъул 29 ноябралда хIукму гьабуна 15 февраль советияб аскар Афгъанистаналдаса нахъе бачараб къо ракIалдещвеязул къолъун лъазабизе. Гьединан, нилъер тIолабго улкаялъ гьеб къоялъ ракIалде щвезарула жидер гIумруялда барахщичIого ВатIаналда цебе тIадаб борч борхарал бахIарзаби.

Афгъанистанлъул ракьалда рагъулаб хъулухъ гьабуна 4000 гIанасев Дагъистанияс, гьезда гьоркьоса 100 чи нилъер районалдасаги. Киналго гуро тIад руссарал. КIиго нилъер ракьцоявги ГIанди росулъа ГIали ГIалиев ва Болъихъ росулъа Зелимхан Шамхаловги гьенир гIумруялдаса ратIалъана.

Жакъа къоялда районалда руго 64 афгъанистаналъул гIахьалчагIи.

Афгъанистан ккола рекIел бухIи. Нилъеда кидаго кIочон тезе бегьуларо гьеб цIаялъ рухIарал ракьцоязул къисмат.

1989 соналъ Борис Громовасул 40-абилеб аскаралъ бахана Амударьою абураб Совет Союзалъулги Афгъанистаналъулги гIорхъода бугеб къо. Гьеб къо гIемерал улбузе, ай, жидер васазда цебе рагъулаб борч бугезе ва гьенир жеги васал ругезе букIана кIудияб рохеллъун.

ХIурматиял ветеранал!

Нуж руго бахIарчилъиялъул нугIзал, ритIухълъиги, лъикIлъиги ракьалда бекьизе рахъун чIарал рагъухъаби. Нужеда бажарана вацлъи бихьизабизеги, цIунизеги, ВатIаналда цебе тIадаб борч борхизеги. Нужер къохIехьейги, гъункиги, ритIухълъиги унго-унгояб мисал буго гIолеб гIелалъе.

Гьарула нужее, нужер хьизан-лъималазе, агълуялъе ракълилаб зобги талихIаб гIумруги.

КIалъазе вахъана районалъул афгъанцазул цолъиялъе нухмалъи гьабулев ШамильхIажи ЛатIипов. Гьес барки гуребги, ккарал камиязулги баян кьуна, рагъ унеб анцIго сонал-да жаниб 15000ялдасанги цIикIкIун рагъухъан гьенив чIвараблъи бицана.Нилъер Дагъистаналде бачIана 141 жаназа. 54000 чи лъукъун гIажизлъун хутIана ва 4065 чи унтана батIи-батIиял рахунел унтабаз. Хадув кIалъазе вахъана афгъаниста-налъул гIахьалчи Мусаев Герей.

-Жакъа нужеца нижеда баркулеб буго.Ниж нужеца абурал рагIабазе мустахIикъал ратани, щайха цо бакIалда, ай, гургинаб столалда нахъ ракIарун нилъеца киназего гIахьалал масъалаби тIуразарулареЛ?! Школалда цIалулаго нижеца нижерго налъи тIубалеб букIана ватIаналда цебе, кIвар кьеха нужецаги. Нижер буго цо киназего гIахьалаб суалмина базе бакI.РачIа нилъеца политикаги тун гургинаб столалда нахъ ракIарун цодагьабгIаги гьеб масъала тIубазе.Х1аракатниги бахъе. Нижеда лъала ниж афгъанисталалда рукIараблъи, лъала командирзабазул ва рагъулал гьалмагъзабазул цIарал нужедасанги гIемер … хварал,арал, лъукъарал, гьеб кинабго лъала. Бихьана.Гьедин, нужеца бицухъе , нужеца гьаракь биччан абурал рагIабазе ниж мустахIикъал ратани, хIал ккараб мехалъ гьабеха нижее кумек.Щибаб соналъ нижеда баркула, битIун бицани, чIалгIун буго нижее гьеб барки.Нижеда гьединги баркула хьизаналъги, лъималазги,гIагарлъиялъги, гьалмагъзабазги.Бокьилаан пачалихъалъул ва районалъул бутIруз нижее кумек гьабизе,материалияб рахъалъ суалал тIуразе.

Дие бокьун буго. дир рагъулал вацал. нужеда баркизе гьаб къо.Нилъеца ватIаналда цебе нилъерго налъи ракIбацIцIадго тIубана.Киназего сахлъи, роххел, аваданлъи.






**М. МухIамадова**

# ИНФОРМАЦИЯ

***В Ботлихской районной поликлинике 15 февраля 2020г. в субботу (в выходной день - для удобства населения) состоится ДЕНЬ ОТКРЫТЫХ ДВЕРЕЙ.***

***ДЕНЬ ОТКРЫТЫХ ДВЕРЕЙ приурочен к Всемирному дню борьбы против рака.***

***С 9.00 до 13.00 специалисты Ботлихской районной поликлиники будут вести консультативный прием.***

***В рамках ДНЯ ОТКРЫТЫХ ДВЕРЕЙ населению будут оказываться следующие услуги:***

***Консультация онколога, гинеколога и др. специалистов.***

***По показаниям специалистов будет выполнено УЗИ, рентгенография, маммография.***

***Желательно при себе иметь паспорт, страховой медицинский полис.***

## ГРАЖДАНАМ об электронной трудовой книжке

**С 2020 года начинается добровольный переход на электронные трудовые книжки.*** До 31 декабря 2020 года необходимо подать заявление действующему или последнему работодателю о переходе на электронную трудовую книжку или о сохранении бумажной трудовой книжки.

**ЭЛЕКТРОННАЯ** ТРУДОВАЯ КНИЖКА

### СВЕДЕНИЯ ЭЛЕКТРОННОЙ ТРУДОВОЙ КНИЖКИ

- Места и периоды работы
- Должность (специальность, профессия)
- Квалификация (разряд, класс, категория)
- Даты приема, увольнения, перевода на другую работу
- Основания прекращения трудового договора

**В электронной трудовой книжке будут отображаться сведения о трудовой деятельности начиная с 2020 года**

### ПРЕИМУЩЕСТВА ЭЛЕКТРОННОЙ ТРУДОВОЙ КНИЖКИ

- Удобный и быстрый доступ к информации о своей трудовой деятельности.
- Минимизация ошибочных, неточных и недостоверных сведений.
- Дополнительные возможности дистанционного трудоустройства.
- Использование сведений электронной трудовой книжки для получения государственных услуг.
- Высокий уровень безопасности и сохранности данных.

### КАК ПОЛУЧИТЬ СВЕДЕНИЯ ЭЛЕКТРОННОЙ ТРУДОВОЙ КНИЖКИ

- В личном кабинете на сайтах PFRF.RU, GOSUSLUGI.RU
- У последнего работодателя
- В клиентской службе Пенсионного фонда России, МФЦ

**У тех, кто впервые устроится на работу начиная с 2021 года, сведения о трудовой деятельности будут формироваться только в электронной форме.**

**ПОДРОБНЕЕ НА ОФИЦИАЛЬНОМ САЙТЕ ПЕНСИОННОГО ФОНДА РОССИИ**

**PFRF.RU**

ПЕНСИОННЫЙ ФОНД РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

* Переход на электронные трудовые книжки предусмотрен федеральными законами № 436 и № 439 от 16.12.2019.

## РАБОТОДАТЕЛЯМ об электронной трудовой книжке

**С 2020 года работодатели обязаны представлять в Пенсионный фонд России** сведения о трудовой деятельности работников для формирования электронных трудовых книжек*

### СРОКИ ПРЕДСТАВЛЕНИЯ СВЕДЕНИЙ О ТРУДОВОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ

**С 2020 года**

- Ежемесячно не позднее 15-го числа месяца, следующего за отчетным.
- Если сведения о работнике представляются впервые, в них также указываются данные о трудовой деятельности на 1 января 2020 года.

**С 2021 года**

- Ежемесячно не позднее 15-го числа месяца, следующего за отчетным, – при переводе работника на другую должность или подаче работником заявления о выборе формы трудовой книжки.
- Не позднее рабочего дня, следующего за днем издания соответствующего приказа или распоряжения, – при приеме на работу или увольнении.

**Работники, которые в 2020 году не смогут подать заявление о выборе бумажной или электронной трудовой книжки, вправе сделать это после 2020 года.**

**Тем, кто впервые устроится на работу начиная с 2021 года, трудовая книжка оформляется только в электронном виде.**

**За непредставление работодателем сведений в ПФР, представление сведений с нарушением срока или недостоверные сведения предусмотрена административная ответственность**

**ЭЛЕКТРОННАЯ** ТРУДОВАЯ КНИЖКА

### КАК ПОДГОТОВИТЬСЯ К ВЕДЕНИЮ ЭЛЕКТРОННЫХ ТРУДОВЫХ КНИЖЕК

- Настроить или установить программу для передачи с 2020 года сведений о трудовой деятельности в ПФР по утвержденной форме.
- Письменно уведомить работников о праве выбора формы трудовой книжки до 30 июня 2020 года включительно.
- Принять от работников заявление о выборе формы трудовой книжки.
- При необходимости внести изменения в локальные документы по кадровому учету.

**ПОДРОБНЕЕ – НА ОФИЦИАЛЬНОМ САЙТЕ ПЕНСИОННОГО ФОНДА РОССИИ**

**PFRF.RU**

ПЕНСИОННЫЙ ФОНД РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

* Переход на электронные трудовые книжки предусмотрен федеральными законами № 436 и № 439 от 16.12.2019.

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

Администрация МР «Ботлихский район» объявляет конкурс на замещение вакантной должности муниципальной службы начальника отдела по управлению муниципальным имуществом и землепользованию администрации МР «Ботлихский район».

В конкурсе на замещение вакантной должности муниципальной службы администрации МР «Ботлихский район» могут принять участие лица, имеющие:

1. гражданство РФ;

2. высшее профессиональное образование по специальности «Землеустройство и кадастры», «Государственное и муниципальное управление» или «Юриспруденция».

3.не менее двух лет стажа муниципальной службы или стажа работы по специальности, направлению подготовки.

Для лиц, имеющих диплом специалиста или магистра с отличием, в течение трех лет со дня выдачи диплома устанавливаются квалификационные требования к стажу муниципальной службы или стажу работы по специальности, направлению подготовки для замещения главной должности муниципальной службы начальника отдела по управлению муниципальным имуществом и землепользованию не менее одного года стажа муниципальной службы или стажа работы по специальности, направлению подготовки.

В должностные обязанности начальника отдела по управлению муниципальным имуществом и землепользованию входят:

1. В области земельных отношений:

-участвует в разработке нормативных правовых актов по управлению и распоряжению земельными участками, находящимися в муниципальной собственности;

-осуществляет рассмотрение заявок по вопросам предварительного согласования места размещения объектов (подготовка проектов постановлений о предварительном согласовании и утверждении актов выбора) на предоставление земельных участков и подготовку проектов постановлений Администрации муниципального района "Ботлихский район" о предоставлении земельных участков на праве постоянного (бессрочного) пользования, аренды, собственности, безвозмездного (срочного) пользования;

-обеспечивает публикацию информации о возможном или предстоящем предоставлении земельных участков для строительства;

-осуществляет рассмотрение заявок граждан и организаций по вопросам предоставления земельных участков в соответствии с законодательством Российской Федерации;

-согласовывает от имени муниципального района "Ботлихский район" границы объектов землеустройства;

-готовит договоры аренды, безвозмездного срочного пользования, купли-продажи земельных участков;

-готовит проекты постановлений Администрации муниципального района "Ботлихский район" об изъятии земельных участков для муниципальных нужд;

-организует и проводит торги по продаже земельных участков или права аренды земельных участков;

-ведет учет сделок с землей;

-проводит сверки с арендаторами по арендной плате за земельные участки;

-формирует информационный банк данных по землепользователям, арендаторам земельных участков;

-осуществляет контроль за полнотой и своевременностью поступления арендных платежей;

-осуществляет согласование границ земельных участков смежных землепользователей.

2.В области муниципальной собственности МР "Ботлихский район":

-ведет учет объектов муниципальной собственности и единый реестр муниципальной собственности;

-подготавливает документы для передачи имущества предприятиям и учреждениям, находящихся в собственности МР "Ботлихский район", на праве хозяйственного ведения и оперативного управления;

-организовывает учет имущества, составляющего муниципальную казну муниципального района "Ботлихский район";

-проводит контрольные проверки за сохранностью и использованием по назначению имущества, переданного в хозяйственное ведение муниципальным унитарным предприятиям, в оперативное управление муниципальным учреждениям, находящимся в собственности МР "Ботлихский район";

-осуществляет работу по государственной регистрации прав муниципального района "Ботлихский район" на недвижимое имущество и сделок с ним в соответствии с законодательством Российской Федерации.

-подготавливает предложения для принятия решений Администрации муниципального района "Ботлихский район" об условиях приватизации муниципального имущества;

-в установленном порядке осуществляет приватизацию объектов муниципальной собственности, за исключением приватизации гражданами занимаемых жилых помещений;

-организовывает торги по продаже объектов муниципальной собственности.

-оформляет договоры по передаче в пользование объектов муниципальной собственности;

-оформляет договоры по передаче в аренду объектов муниципальной собственности;

-осуществляет контроль за исполнением условий договоров аренды, владения и пользования муниципального имущества;

-оформляет акты о списании в установленном порядке основных средств муниципальной собственности;

-подготавливает необходимые документы с целью изъятия излишнего, неиспользуемого или используемого не по назначению имущества, находящегося в оперативном управлении муниципальных учреждений.

Профессиональные навыки: обеспечения выполнения поставленных задач; реализации управленческих решений; расстановки приоритетов и эффективного планирования работы; практического применения нормативных правовых актов; исполнительской дисциплины; пользования современной оргтехникой и программными продуктами.

Желающим принять участие в вышеуказанном конкурсе необходимо представить в администрацию МР «Ботлихский район»:

а) личное заявление на имя председателя конкурсной комиссии администрации МР «Ботлихский район»;

б) собственноручно заполненную и подписанную анкету по форме, утвержденной распоряжением Правительства Российской Федерации от 26 мая 2005 г. № 667-р, с приложением двух фотографий 3х4, выполненных в цветном изображении без уголка, указанием точного почтового адреса регистрации и фактического проживания, адреса электронной почты;

в) копию паспорта или заменяющего его документа (соответствующий документ предъявляется лично по прибытии на конкурс);

г) документы, подтверждающие необходимое профессиональное образование, квалификацию и стаж работы:

копию трудовой книжки (за исключением случаев, когда служебная (трудовая) деятельность осуществляется впервые), заверенную нотариально или кадровой службой по месту работы (службы), или иные документы, подтверждающие трудовую (служебную) деятельность гражданина;

копии документов об образовании и о квалификации, а также по желанию гражданина копии документов, подтверждающих повышение или присвоение квалификации по результатам дополнительного профессионального образования, документов о присвоении ученой степени, ученого звания, заверенные нотариально или кадровой службой по месту работы (службы);

д) документ об отсутствии у гражданина заболевания, препятствующего поступлению на гражданскую службу или ее прохождению (учетная форма № 001-ГС/у);

е) копии документов воинского учета (при наличии);

ж) сведения о своих доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера, а также о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера супруги (супруга) и несовершеннолетних детей (форма справки утверждена Указом Президента Российской Федерации от 23 июня 2014 г. № 460).

Муниципальный служащий, замещающий должность муниципальной службы в администрации МР «Ботлихский район» и изъявивший желание участвовать в конкурсе, подает личное заявление на имя председателя конкурсной комиссии администрации МР «Ботлихский район».

Документы принимаются в рабочие дни (понедельник – пятница)с 09.00 до 12.00 и с 14.00 до 16.00 по адресу: с. Ботлих Ботлихского района РД, администрация МР «Ботлихский район», организационно-правовой отдел, телефон: 8 (87271) 2-21-74.

Документы для участия в конкурсе принимаются в течение 30 дней со дня опубликования данного объявления.

Несвоевременное представление документов, представление их не в полном объеме или с нарушением правил оформления является основанием для отказа гражданину в их приеме.

Конкурс будет проводиться в здании администрации МР «Ботлихский район».

**Глава района**
**М.М. Патхулаев**

**ГIудуллъи газета гIуцIарал**
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**
Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru
**Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул бакIалда:** М-Р. ГъазимухIамадов
**Отделалъул редакторал:** П. Дибирова, ГI. ГъазимухIамадов
**Мухбирзаби:** ГI.МухIамадова, М. МухIамадова

**Наборщица** П. Эльдарова
**Дизайнер** С. Камилова
**Корректор:** П.МухIамадова
**Фотокорреспондент** К. Камилов

**Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 3I мая 20I7 года. ПИ № ТУ 05 - 0038I**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 3670I8, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 6I**
**Тираж -550**
**Индекс-5I349**

*Заказ №* _____